# 2018-JÍLǴÍ NAWRÍZ ULÍWMAXALÍQLÍQ BAYRAMÍNA TAYaRLÍQ KÓRIW HÁM ONÍ ÓTKERIW HAQQÍNDA

Ana tábiyattı súyiw hám qásterlew, ómir gúltajı bolǵan insandı qádirlew, Watanǵa muhabbat hám sadıqlıq sıyaqlı iygilikli ideyalardı ózinde jámlegen Nawrız xalıqımızdıń eń áyyemgi, tiykarǵı milliy bayramı bolıp tabıladı. Ásirler dawamında el-xalqımızdıń arzıw-niyetlerin kórsetip kiyatırǵan Nawrız ǵárezsizlik jıllarında jańa mazmunǵa iye bolıp, shın mánisinde ulıwmaxalıqlıq bayramǵa aylandı.

Nawrız bayramınıń sheksiz sociallıq-ruwxıy áhmiyetin esapqa alıp hám usı qutlı áyyyamdı joqarı dárejede belgilew maqsetinde:

2018-jılǵı Nawrız ulıwmaxalıqlıq bayramına tayarlıq kóriw hám onı ótkeriw boyınsha shólkemlestiriw komitetiniń quramı qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
Shólkemlestiriw komiteti Nawrız bayramın paytaxtımız Tashkent qalasında, Qaraqalpaqstan Respublikası hám wálayatlardıń oraylarında, barlıq qala, rayon hám awıllarda ulıwmaxalıqlıq seyiller túrinde joqarı dárejede ótkeriwge qaratılǵan, «Áziz watanlaslar, hár kúnińiz Nawrız bolsın!» degen ideyanı ózinde jámlegen shólkemlestiriwshilik-ámeliy, mádeniy-ruwxıy jáne úgit-násiyatlaw ilajları baǵdarlamasın on kún múddette islep shıqsın hám ámelge asırsın.

Bul baǵdarlamanı tayarlawda tómendegi máselelerge ayrıqsha itibar qaratılsın:
Nawrız múnásibeti menen insan ózin tábiyattıń perzenti, onıń ajıralmas bir bólegi dep seziniwin sáwlelendiretuǵın, qorshaǵan ortalıqtı, ana jerdi qásterlep saqlawǵa, búgingi tınısh erkin hám abadan turmıstı qádirlep, onı qorǵap jasawǵa shaqıratuǵın ruwxıy-aǵartıwshılıq ilajlardı shólkemlestiriw;

barlıq qala hám awıllarda Nawrızdıń tariyxın, mazmunın hám filosofiyasın usı bayramdı ótkeriwge baylanıslı úrp-ádetler, qádriyatlar hám dástúrlerdiń mazmunı menen áhmiyetin ózinde jámlegen ǵalaba seyiller ótkeriw;

Nawrız kúnlerinde járdemge mútáj insanlardıń, kekselerdiń, mayıplıǵı bar shaxslardıń hám kem támiyinlengen shańaraqlardıń jaǵdayınan xabar alıw, olarǵa biyminnet járdem beriw, jámiyette óz-ara húrmetti, doslıqtı hám awızbirshilikti bekkemlewge qaratılǵan sawap islerdi, qayırqomlıq ilajlardı hám ǵalaba shembiliklerdi ámelge asırıw;

Qaraqalpaqstan Respublikasında, wálayatlarda hám Tashkent qalasında bolıp ótetuǵın seyillerge folklor-etnografiyalıq toparları menen ansamblllerdi, belgili kórkem óner xızmetkerlerin, háwesker qosıqshı hám sazendelerdi, baqsılardı, qızıqshılardı, dárwazlardı, jas atqarıwshılardı keńnen tartıw;

xalıq seyilleri baǵdarlamaların tayarlawda xalıq oyınlarına, folklorlıq kórkem ónerdiń eń jaqsı úlgilerine keńnen orın beriw, ónermentshilik kórgizbelerin shólkemlestiriw, úlgili shańaraq, úlgili máhálle, úlgili mektep, sheber baqsı, sheber laparshı baǵdarları boyınsha tańlawlar ótkeriw, ádebiy-kórkem ushırasıwlar, kitap bayramların shólkemlestiriw.

Shólkemlestiriw komiteti tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında Nawrız bayramına baǵıshlap xalıqtıń keń qatlamları arasında aǵartıwshılıq ushırasıwlar, ashıq-aydın pikrlesiw hám sáwbet, dóretiwshilik kesheler ótkeriw maqsetinde belgili ilimpazlar, dóretiwshi adamlar hám kórkem óner sheberlerinen ibarat ruwxıy-aǵartıwshılıq toparları shólkemlestirilsin jáne olardıń anıq reje tiykarında jumıs alıp barıwı támiyinlensin.
Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında ótkeriletuǵın bayram baǵdarlamaların tayarlawǵa ǵalabalıq tamashalar boyınsha joqarı sheberlikke hám tájiriybege iye bolǵan scenarist hám rejissyorlar, jazıwshı hám shayırlar, kompozitorlar jáne melodistler, baletmeysterler, saxna xudojnikleri, talantlı jas atqarıwshılar, folklor óneri wákillerinen ibarat dóretiwshilik toparlar keńnen tartılsın.
Qaraqalpaqstan Respublikası wálayatlar hám Tashkent qalası hákimliklerine:
Nawrız ulıwmaxalıqlıq bayramına tayarlıq kóriw hám ótkeriw boyınsha hákimlerdiń basshılıǵında aymaqlıq komissiyalar dúziw;

bayram seyillerin barlıq qala, rayon, awıllarda basqıshpa-basqısh ráwishte joqarı dárejede, hawa-rayı sharayatın esapqa alǵan halda shólkemlestiriw boyınsha ilajlar rejesin islep shıǵıw hám ámelge asırıwdı támiyinlew;

mart-aprel aylarında abadanlastırıw hám kóklemzarlastırıw aylıǵın shólkemlestiriw jáne bul baǵdardaǵı jumıslar eń jaqsı jolǵa qoyılǵan rayon, awıl hám máhállelerdiń tájiriybesin ǵalaba en jaydırıw;

Mehriybanlıq, Qayırqomlıq, Múriwbet úyleri, kem támiyinlengen shańaraqlar hám mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa materiallıq járdem kórsetiw jumısların shólkemlestiriw wazıypaları júklensin.

Ótkeriletuǵın bayram ilajları:
Qaraqalpaqstan Respublikası byudjetinen hám wálayatlarda jergilikli byudjetlerden jáne orınlardaǵı qáwenderlik qarjıları esabınan;

Tashkent qalasında respublikalıq byudjetten hám Tashkent qalası jergilikli byudjeti qarjıları esabınan teńdey úleslerde qaplanatuǵını belgilep qoyılsın.

Ózbekstan Milliy málimleme agentligi, Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası, «Jáhán» málimleme agentligi hám basqa da ǵalaba xabar qurallarına Nawrız ulıwmaxalıqlıq bayramına tayarlıq kóriw hám onı ótkeriw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslardı hár tárepleme sáwlelendirip barıw usınılsın.
Usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.Aripovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń mámleketlik keńesgóyi X.Sultanovqa júklensin.
Ózbekistan Respublikası

Prezidenti SH.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 23-fevral

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉